

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra téh mangrupa salasahiji seni anu digelarkeunna maké basa boh lisan boh tulisan. Karya sastra mangrupa produk tina basa anu dilisankeun jeung nu ditulis. Kitu ogé, Iskandarwassid (2019, kc. 204) nyebutkeun yén karya sastra nyaéta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Sastra mangrupa hiji sisi (bagéan) tina seni anu mibanda ciri mandiri, ngandung kaartistikan, ngandung kaéndahan, ngandung kajujuran, ngandung kaorsinilan, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun panganutna kana sipat anu lemes, malahan nganteur kana tujuan pangjugjugan kahirupan manusa anu leuwih wijaksana. Éta pamadegan téh diwewegan deui ku Isnendes, (2010, kc. 16) dina bukuna nu nyebutkeun yén jejer karya sastra téh enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa rupaning émosi, sosial, jeung paélmuhan. Cindekna mah, sastra mangrupa seni basa nu jadi média komunikasi antar papada jalma dina kahirupan manusa kalawan karakteristik anu has tur bébas dumasar kréativitas pangarangna.

Karya sastra ogé dibagi jadi tilu wangun nyaéta puisi, prosa, jeung drama. Puisi nyaéta karya sastra nu wangunna kauger ku aturan-aturan nu geus ditangtukeun, kayaning pupuh jeung sisindiran. Sedengkeun prosa nyaéta karya sastra nu wangunna lancar, ngaguluyur nyaluyukeun jeung kréativitas pangarangna, contona aya carpon jeung novel. Nu pamungkas nyaéta drama, wangun karya sastra nu dipagelarkeun sacara langsung ku manusa nu ngagambarkeun palaku carita (Lafamane, 2020, kc. 10). Atuh ieu karya *Dina Kalangkang Panjara* téh kaasup kana wanda prosa dina wangun novel. Nurutkeun Lutviana (2012, kc. 3) novel atawa roman mangrupa karya fiksi nu kaasup kana wangun karya sastra prosa nu eusina nyaritakeun kahirupan sosial. Nurutkeun Iskandarwassid (2019, kc. 139) novel nyaéta prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana kompléks (ngarancabang). Sedengkeun Tarigan (dina Panambunan spk., 2022, kc. 5) nétélakeun yén nu disebut

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri  
(Ulukan Struktural jeung Antropologi Sastra)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

novel téh hiji warna carita anu alurna panjang tur minuhan hiji buku atawa leuwih, eusina ngaguar kahirupan manusa nu sifatna imajinatif. Jadi, novel mangrupa hiji karya sastra nu imajinatif ngaguar ngeunaan kahirupan manusa jeung réa-réa pasualan (Panambunan spk., 2022, kc. 11).

Panalungtikan antropologi sastra kawilang anyar saupama dibandingkeun jeung kamekaran paélmuan séjénna (Ratna, 2017, kc. 158). Ku kituna panalungtik milih ieu ulikan salasahijina pikeun mekarkeun hasil panalungtikan dina widang antropologi sastra. Lian ti éta, unsur-unsur antropologi sastra nu nyampak dina novel *Dina Kalangkang Panjara* téh kawilang matak ngirut pikeun dipikanyaho ku masarakat réa. Sok sanajan ieu karya sastra heubeul, tapi can aya nu nalungtik ngeunaan palebah antropologina. Contona waé ngeunaan latar kahirupan nu aya dina ieu novel aya dina mangsa jaman normal di hiji kawadanan anu aya di pilemburan. Aspék-aspek antropologina geus katilik bakal réa pisan, boh budayana, paksabanana, folklorna, jrrd.

Pasualan-pasualan nu diangkat ku Ahmad Bakri ogé bisa ngawakilan réalitas sosial jaman heubeul. Ti mimiti kekecapan anu digunakeunana, kasus atawa pasualan nu jadi konflikna, nepi ka struktur caritana ngagambarkeun pisan kaayaan jaman mangsa harita. Ahmad Bakri ogé sasaurang pangarang anu kakoncara, karya-karyana nu kentel ku budaya Sunda, réa ku kejutan atawa *plot twist* dina caritana, upamana waé dina ieu novel téh aya opat carita anu dipidangkeun, dua novelet pinuh ku misteri jeung dua novelet deui eusina pinuh ku kasusatraan Sunda. Dumasar kana tilu kode data nyaéta basa, sastra jeung budaya ogé ieu karya sastra téh nyumponan pisan. Kode basa saperti aspék kabasaan jeung kecap-kecap nu digunakeun téh kawilang merenah, kode sastrana saperti gaya basa jeung kasusatraanna kapaluruh éndahna, ogé kode budaya mah geus puguh beunghar pisan eusina ku sabab patali pisan jeung kahirupan masarakat sapopoé (Teeuw dina Setiawan, 2017, kc. 105-108)

Antropologi jeung sastra ogé mangrupa dua paélmuan anu geus kolot umurna. Nalika jadi antropologi sastra, tangtuna waé mawa konsép-konsép anyar nu ngadumaniskeun dua paélmuan ieu, teu bisa dipisahkeun tapi silih nguatkeun, ngan objékna hungkul nu béda (Isnendes, 2023, kc. 4). Objék panalungtikan antropologi sastra nyaéta manusa (palaku) nu hirup dina teks jeung muatan budaya anu

**Deni Ramdani, 2023**

***Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri  
(Ulukan Struktural jeung Antropologi Sastra)***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditransimiskeun dina unsur-unsur sastra nu kasualitas nepi ka logina sastrana bisa dipikapaham (Isnendes, 2023, kc. 4). Antropologi sastra ogé aya dina tilu wilayah anu ciri-cirina, nyaéta sitem simbol, manusa berbudaya, jeung tradisi lisan (Ratna, 2011, kc. 158).

Panalungtikan ieu miboga udagan pikeun ngulik paripolah manusa dina novel, panalungtik baris ngagunakeun ulikan antropologi sastra. Antropologi sastra diwangun ku dua kecap, antropologi jeung sastra. Antropologi nyaéta paélmuan nalungtik kana karya sastra anu dijerona ngakandung unsur-unsur (antropologi) élmu ngeunaan manusa (Ratna, 2017, kc. 6). Dina kamekaranana, élmu antropologi téh jadi péso pikeun panalungtikan kahirupan manusa, utamana dina asal usul, warna wangun fisik, adat istiadat, kapercayaan, sikep jeung paripolah. Pamarekan antropologi sastra leuwih ngagunakeun pamarekan budaya, nu leuwih nekenkeun kana aspék sosial jeung budaya anu ngawangun karya sastra (Hikmat, 2016, kc. 7). Sedengkeun, sosiologi sastra ngagunakeun pamarekan sosial pikeun maham karya sastra, ku nganalisisna élemén sosial dina karya sastra jeung kumaha éta élemén mangaruhan kana ma'na karya sastra (Nursyamsi, 2014, kc. 16).

Lian ti éta, aya ogé kaonjoyan jeung kahéngkéran pamarekan antropologi sastra di antarana bisa maham karya sastra tina sawangan budaya, ngabeungharan sawangan ngeunaan sastra, jeung ngajembaran widang studi ngeunaan antropologi sastra. Anapon kahéngkéranana nyaéta hésé ngalarapkeunana, kurangna objék, teu salawasna luyu, jeung kawatesan ku data. Dina jurnalna, (Ihsan, 2018, kc. 8) negeskeun yén sastra téh mangrupa objék manusiawi atawa fakta kultural sabab mangrupa hasil cipta karya manusa. Amprok pisan dua pamadegan di luhur téh minangka paélmuan anu anyar, nu satuluyna diadumaniskeun ku (Ratna, 2017, kc. 152) yén antropologi sastra mangrupa analisis jeung pamahaman dina patalina karya sastra jeung kabudayaan manusa. Anapon kabudayaan dina ieu kontéks téh museur kana sikep jeung paripolah manusana.

Ratna (2013, kc. 352–353) nerangkeun ayana kongrés anu eusina medar ngeunaan babarna pamarekan Antropologi Sastra. Aya 3 aspék utama gelarna pamarekan antropologi sastra, nyaéta: a) boh sastra boh antropologi nganggap yén basa téh

**Deni Ramdani, 2023**

***Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri  
(Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mangrupa objék penting, b) dua disiplin élmu ieu masualkeun relevansi manusa jeung budaya, jeung c) dua disiplin élmu ieu ogé masualkeun tradisi lisan, hususna carita rahayat jeung mitos. Lantaran kitu, aspék nu kadua remen nimbulkeun pasualan dina ngabédakeun watesan-watesan panalungtikan antara antropologi jeung sastra.

Cindekna, ajén-ajén kahirupan manusa bisa ditilik tina hiji karya sastra. Ku sabab karya sastra téh moal leupas tina kahirupan nyata nu kaalaman ku pangarangna. Tangtuna baé éta panalungtikan téh ngagunakeun ulikan antropologi sastra. Kahirupan manusa, kabudayaan, mitos, pakasaban, jeung sistem basa mangrupa réalitas sosial nu jadi bahan dina nyiptakeun hiji karya. Atuh ari réalitas sosial téh nyaéta prosés dimana manusa ngalakukeun interaksi jeung ngawangun réalitas-réalitas atawa kanyataan dina karya sastra (Dharma, 2018, kc. 19).

Panalungtikan antropologi sastra kawilang anyar saupama dibandingkeun jeung kamekaran paélman séjén. Anapon kitu, aya sababaraha panalungtikan nu sawanda jeung ieu tulisan, di antarana "Novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia: Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra" ku Fajar Purnama Sidik (2022). "Novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna: Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra", ku Pramoni Binargian (2022). "Novel *Munjung* karya Moh. Ambri: Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra", ku Yusuf Ramdani (2020). "Analisis Antropologi Sastra Novel *Menolak Ayah* Karya Ashadi Siregar", ku Desy Lestari Sihombing (2020). "Analisis Novel *Tuan Guru* Karya Salman Faris: Kajian Antropologi Sastra", ku Agus Wira Tahir (2019). "Tinjauan Antropologi Sastra Dalam Novel *Mata dan Manusia Laut* Karya Okky Madasari", ku Syahroma Eka Suryani (2020). Lian ti éta, aya ogé sababaraha jurnal anu nalungtik ngeunaan antropologi sastra di antarana "Representasi Pewayangan Modern: Kajian Antropologi Sastra dalam Novel *Rahvayana Aku Lala Padamu* karya Sujiwo Tejo" ku Diki Febrianto (2019). "Nilai Sosial Budaya Dalam Novel *Namaku Teweraut* Karya Ani Sekarningsih (Pendekatan Antropologi Sastra)" ku Imelda Hutabarat (2019). "Wacana Perempuan Sunda Bihari, Kamari, dan Kiwari Dalam Kajian Antropologi" ku Retty Isnendes (2023). "Pergeseran Nilai Budaya Jawa dalam Novel *Canting* karya Arswendo Atmowiloto: Suatu Kajian Antropologi Sastra" ku Endang Wahyuningsi (2018). "Sistem Religi Masyarakat Jawa Dalam Novel

**Deni Ramdani, 2023**

***Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri  
(Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Mantra Pejina Ular Karya Kuntuwijoyo (Kajian Antropologi Sastra)*” ku Jafar Lantowa spk. (2017).

Saupama dibandingkeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacanna, tangtu bakal kapaluruh sasaruana jeung bébédaanana. Sasaruana ieu panalungtikan jeung nu saacanna ti Program Pendidikan Basa Sunda mah nyaéta dina palebah tiori antropologi sastra nu digunakeun, nyaéta tiori Kutha Ratna. Lian ti kitu, dina ulikan strukturalna ogé sarua ngagunakeun pamarekan struktural Robert Stanton.

Anapon bébédaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna téh aya dina objékna. Novel *Dina Kalangkang Panjara* nu jadi puseur ieu panalungtikan téh mangrupa novel karya Ahmad Bakri. Eusi dina ieu buku aya opat novelet atawa roman nu wangunna pondok. Budaya anu kapaluruh dina novel *Dina Kalangkang Panjara* bakal béda eusina jeung novel *Sasalad*, *Munjung*, atawa *Imah Agréng* nu kungsi dipaluruh. Atuh dina palebah ulikan antropologi sastra gé can aya nu kungsi nalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “Novel *Dina Kalangkang Panjara* Karya Ahmad Bakri (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra).

## **1.2 Rumusan Masalah**

Dumasar tina idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita (tema, fakta, jeung sarana sastra) nu nyangkaruk dina Novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri?
- 2) Naon wae unsur antropologi sastra (mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor, jeung mitos) nu nyampak dina Novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung rumusan masalah nu dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar tur ngadéskripsikeun aspék-aspék struktural jeung antropologi sastra nu aya dina novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri. Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngaguar struktur carita

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri*  
(Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Novel *Dina Kalangkang Panjara* Karya Ahmad Bakri. Sanggeus kitu, éta unsur-unsur beunang ngaguar téh diulik deui palebah kabudayaanana pikeun mikanyaho leuwih teleb ngeunaan aspék antropologi sastra nu ngancik dina éta novel. Sabada kitu, aspék-aspék antropologi sastra nu geus kapaluruh téh diguar deui patalina jeung antropologi linguistik.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal.

- 1) struktur carita (tema, fakta, jeung sarana sastra) nu nyangkaruk dina Novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri.
- 2) unsur antropologi sastra (mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor, jeung mitos) nu nyampak dina Novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan di antarana miboga mangpaat nu sipatna téoritis jeung nu sipatna praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban tur ngajembaran pangaweruh antropologi, hususna dina antropologi sastra.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun sawatara pihak, nyaéta:

- 1) Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan téh miharep miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh dina paélman antropologi, hususna dina antropologi. Lian ti éta, minangka pangalaman dina nalungtik widang kasusastraan.

- 2) Pikeun anu maca

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan tur ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan aspék struktural jeung antropologi sastra anu aya dina novel. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi bahan référénsi panalungtikan widang kasusastraan hususna dina antropologi sastra anu satuluyna bisa leuwih dimekarkeun deui.

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri*  
(Ulukan Struktural jeung Antropologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3) Pikeun pangatik

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun bahan référénsi nalika ngajar. Hususna dina pangajaran literasi atawa novel, anu henteu ngan saukur ngajarkeun jeung mikanyaho eusi novel, tapi ogé unsur strukturalisme-na jeung antropologi sastrana.

### 4) Pikeun pamilon atikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan kasusastraan, hususna dina antropologi sastra dina novel.

## 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi, dibagi jadi lima bab, nyaéta diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori nu aya patalina jeung istilah dina sastra, novel, struktural, antropologi sastra, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, intrumén ngumpulkeun data jeung analisis olah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan data jeung hasil panalungtikan istilah dina kaulinan barudak.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, sarta rékoméndasi sangkan bisa méré mangpaat pikeun balaréa.